

**(Lyen Lakay) Inite 2: Zanmi: Semèn 4**

Chè Fanmi: Nan inite sa a pitit ou an pral aprann sou zanmitay. Eseye owmen twa nan aktivite aprantisaj amizan sa yo, oswa fè tout! Sa ki pi enpòtan an se jwi tan an avèk pitit ou pandan n ap aprann konnen ki sa k ap fèt nan sal klas la. Tanpri, kolorye kare aktivite sila yo w chwazi yo epi remèt fòm sa a bay lekòl la lendi pwochèn. **AMIZE NI!**

Non timoun nan: _____

Langaj

(Ki gen rapò ak *A Letter to Amy*, *Dandelion*, ak *Hooray, a Piñata!*)

Rakont:

Pale pitit ou a sou yon selebrasyon ou te nan epi answit aji l ansanm. Mo ou ta ka itilize nan istwa ou gen ladan selebrasyon, fèt, maryaj, anivèsè, envitasyon.

Kòmansè konvèsasyon:

- Ki kalite ou pi renmen selebrasyon? Poukisa?
- Ki kalite bagay moun pote
- nan selebrasyon an?

Alfabetizasyon

This is a poem your child should be familiar with. Recite and make the hand motions.

Mix a Pancake

Mix a pancake
Stir a pancake.
Pop it in the pan.
Fry the pancake.
Toss the pancake.
Catch it if you can.
-Christina Rossetti

Dekouvèt

(ki gen rapò ak *Matthew ak Tilly*)

Limonad endijèn:

Men sa w ap bezwen pou fè li:

- 4 sitron, 1 tas sik, 6 tas dlo, krich

Men sa ou dwe fè:

- Woule chak sitwon ak pla men w sou yon kontwa oswa yon tab. Sa a pral fè sitwon yo pi fasil pou peze epi ede yo fè plis ji. Koupe sitwon yo an mwatye. Peze yo nan yon bòl. Ajoute dlo ak 1 tas sik. Brase tout bagay ansanm.

Kòmansè konvèsasyon:

- Ki jan ou panse li pral gou?
- Poukisa ou panse nou ajoute sik?
- Kisa nou te fè premye, dezyèm, elatriye?

Matematik**Jwèt konparezon:**

1. Melanje kat yo
2. Distribye kat yo egal-ego bay chak jwè.
3. Jwè yo vire kat yo an menm tan pou yo wè kilès ki gen kat ki gen plis valè a (pa egzanp 8plis ke 5).
4. Jwè ki gen nimewo pi gwo an ap pran kat yo (si kat yo egal, jwè yo ap vire yon lòt kat pou yo wè kilès ki gen plis valè).
5. Lè yo fin jwe ak tout kat yo, rekòmansè ankò.

Kesyon pou Kòmansè Konvèsasyon:

- Ki jan w fè konnen _____ (8) pi gwo pase _____ (4)?
- Ki jan w kapab konnen kilès ki te gen plis?

Pale E Li Ansanm (20 minit)

Kesyon pou Kòmanse Konvèsasyon:

- Ki pati w pi renmen nan istwa a?
- Ki premye bagay ki pase nan istwa a?
- Ki sa w panse ki ka rive aprè?

Rejis Lekti Yo

Make chak jou ou menm ak pitit ou li yon istwa ansanm. Liv yo kapab ann anglè oswa nan lang natif-natal nou. Vizite bibliyotèk piblik ou a pou gwo liv sou zanmi!

Lendi ____ Madi ____ Mèkredi ____ Jedi ____ Vandredi ____ Samdi ____ Dimanch ____

Liv n ape li lekòl la

Dandelion, ekriven: Don Freeman
Hooray a Pinata, ekriven: Elisa Kleven

Lòt liv ou menm ak pitit ou an kapab jwi ansanm:

Feast for Ten, ekriven: Cathryn Falwell
Birthday Party for Frances, ekriven: Russell Hoban
Lion Dancer Ernie Wan's Chinese New Year,
ekriven: Kate Waters

Kèk konsèy pou lè n ap li ansanm:

- Chita ansanm nan yon plas trankil epitou ki konfòtab.
- Pandan n ap li, souliye epi defini kèk nouvo vokabilè. Pa egzanp, “Yon **bouquet** (“boukeflè”) se yon gwoup flè.”
- Pandanke n ap li, poze pitit ou kesyon ki gen pou wè ak liv la. Pa egzanp, “Pou ki sa wpanse *Dandelion* te byen abiye pou fèt Jennifer a?”